République du Sénégal

Ministère de l'Education nationale

# Tànk-ndànk 2

## Wolof

2018

©

USAID
DU PEUPLE AMERICAIN

Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce document y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées sur le site électronique suivant :
https://creativecommons.org/

# Li téere bi ëmb

Bés bi ñuy màggal garab .......... 4

Njariñu garab .......... 12

Meññeef yi .......... 20

Toolu lujum .......... 28

Aali ak ceebu jën bi .......... 36

# Bés bi ñuy màggal garab




Woote nañu waxtaan ca pénc ma.
Njiitu dëkk bi indi na mbooloo
mu takku.
Muy jigeen, di góor, ñépp ñëw nañu.



Direktëer, muse yi ak madam yi,
kenn desul.
Siis yi doy nañu, baas yi jot nañu.
Rajo yi yëgle nañu bés bi.



Xale yi indi nañu itam ay nataal.
Am na nataal yuy wone bekkoor.
Yeneen feeñal nit ñuy noppalu ci taatu garab.




Gis nanu itam garab yu daanu
ak i médd.
Suuf si wow koŋŋ, naaj wi tàng jépp.



Digle nañu ne ku nekk na
jëmbët garab.
Nanu toppatoo garab yi bàyyi
di leen dagg.
Nit ak garab a dëkk.



Dénkaane nañu jëmbët daqaar,
dànq ak déem.
Xamle nañu it ne sump dafa
bare njariñ.
Wax nañu ne toolu màngo dina indi alal.




Nanuy naan nalitu bisaab,
buy ak ditax.
Nanuy lekk xaal, bare na ndox.
Na ku nekk jëmbat garab
ci buntu këram.



Ñépp bég nañu ci waxtaan wi.
Jigeen ñaa ngi yóbbaale njëmbët
yu wuute.
Góor ñiy jëkkante ak ñoom
ci tànn bi.

# Njariñu garab



Ñaari xalee dem ci àll bu bare garab.
Ñu gis Siddeem ak Sump su ñor jale.
Xale ya for ca, def ci seen i poos.



Garabu Dimb lañu dajeel.
Sargal ko, toog ci suufu
keppaar ga, noppalu.
Dimb ne dinaa joxe mutt
ak yàppu Saalum.



Xale ya dukk-dukki ba xiif,
séen New.
Ñu nuyoo, New rotal pomi Kajoor
yu rëy.
Xale ya lekk, ba suur, wéeru, nelaw.



Ñu yeewu, gis Kàdd gu yor ay dég.
Dafay naatal dugub,
di dundal nit ak mala.



Xale ya geestu, gis Daqaar mu sëq.
Ñu nuyoo, Daqaar daggal leen
bénqal ju wex.
Mu ne Ndakaaru mooy sama
turandoo,



Gone ya doxaat tuuti, gis Uul ne gicc.
Ñu nuyoo, garabu uul bég,
may leen uul.
Xale ya macc ko, seen coono
yaram naaw.




Ñu dégg Tol ak Màdd ñuy waxtaan.
Ñu nuyoo, ñu fay leen,
wittal leeni doom.
Màdd dafay safal gémmiñ,
Tol di tol-toli.




Xale yi jaaxle ci ni Guy yaatoo.
Xel yi xalaat xanaa kii mooy
buuru garab.
Guy ne dinaa joxe buy,
laalo aki buum.


# Meññeef yi




Meññeef yi daje nañu di wone seen bopp.
Banaana ne dama lunk ni weer wi.
Dama juddu wert, màgg puur.



Man pàppaayo rëy naa, bare ñam.
Dama taaru, bare ferñeent.
Màngo ne ku ma ñam xam
sama neexaay.



Pàmpalmuus ne dama wërngalu,
saf  te forox.
Limoŋ ne ko dijj nga waaye
maa  forox.
Ku ci nekk di cëppi-cëppi.



Buy, doomu Guy dox seen diggante.
Neena leen wone sa bopp
jarul xiiroo.
Ku nekk ci ñoom dellu sa palaas.



Daqaar ne maay neexal ceebu jën.
Tol poñe ko ne man mii lañu taamu.
Màdd ne man la xale yiy jëkkante.



Uul ne ku ma macc xam sama cafka.
Màdd tëb, bëgg koo dëkk.
Buy ne ku fi xulóoti ma dàq la.



Ditax ne xale bu xiibon na ma seetsi.
Dinaa ko dolli kàttan ba
mu wér péŋŋ.
Su boobaa, dina dem fowi
ak moroomam yi.



Dànq ne dëgër naa waaye neex naa.
Buy ne dégluleen seen buur.
Man doŋŋ lañu taamu
ci laaxu cosaan.


# Toolu lujum




Ab tool la woon, am gàncax yu bare.
Ku nekk ci ñoom, bëgg ñu xam la.
Kànja ne ku may lekk doo seere.




Suppome ak tegleem ne maay
xaritu ceeb.
Dañu may woowe yàppu Caaroy.
Karoot ne ku may lekk gis bu baax.




Batañse dott-dotti ne man
dama rafet.
Xoolleen ma man, ni may nes-nesee.
Jaxatu tàccu, regaju ne, man
gënuloo maa rafet.




Naajo yékkati xobam ne fii
ñépp a rafet.
Tamaate di seetu,
ne man de dama xonq.



Kaani salaat sëgg, tisóoli, gunoor yépp naaw.
Yomb ne dëggit, li Naajo wax, dëgg la.
Sunu tool bi amul lujum bu ñaaw.



Yamb ganesi bisaab bu xonq
ak bu weex.
Ñu ubbi séeni tóor-tóor,
may ko pëndax.
Bisaabu xob biy uppu ne maay
nekk bëgëj.



Pombiteer ne man duma Pataas.
Pataas ne, moo, man itam,
duma Pombiteer.
Kaani ne gis ngeen, man mii dama wex.
Boroom tool bi duy ñaari rosuwaal
ak ndox.



Ñëw na roose leen ñu naan, sangu.
Gàncax yi di woy, fo ak a ree.

# Aali ak ceebu jën bi



Aali Dogo dafa tukki woon lu yàgg.
Moom, ku bëgg ceebu jën la.



Aali ñibbisi na, ñëw kër maamam.
Indil na maamam ay dàll sërica.
May na ko itam benn caqu peme.



Aali fekk Maam Sanu ci waañ wi.
Maam Sanu ne Aali na ñëw
ëllëg añsi.



Aali bég, raay biiram di xalaat ceeb bi.
Maam Sanu ku mën a togg la.
Ca ëllëg sa, Aali fekk maamam
muy rëgël.



Maam Sanu nar na togg añ bu neex.
Ci suba, la Maam Sanu
dem marse duggi.
Fàttewul dara.



Jënd na jën, gejj, tamaate ak yéet.
Fàttewul itam lujum yi,
daqaar ak ceeb.
Maam Sanu mag la,
waaye dafa sawar.



Juroom-benn fukki at la am,
di liggeey.
Foo ko fekk, mu ngi def dara.



Aali mu ngi lekk ceeb bi
maamam togg.
Bi mu lekkee ba suur, ne jaraw-lakk.
Aali ne, nëbbal ceeb ci sama waliis.